Ассаламу гIалайкум!




# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 42 (6674) 30 сентябрь 2019 с. Итни Сафар 1441 с. Багъа эркенаб

БАРКИЯЛ

## 5 октябрь – мугIалимасул къо

**Хириял мугIалимзаби! РакI-ракIалъ баркула нужеда байрам – мугIалимасул къо!**

Нужеца тIаса бищун буго бигьаяб гуреб, амма къадруяб махщел - нилъер гIолеб гIелалъе лъаялде нух бихьизаби, ритIухълъи, лъикIлъиялде ва берцинлъиялде рокьи гьезулъ куцай. КиналгIаги методикиял ва дарсил алатаз хисуларо мугIалимасул хIеренаб калам ва рекIел хинлъи. ЦIалдохъанасе гъваридаб лъайкьеялда цадахъго гIумруялъул битIараб нух тIаса бищизе, ритIухълъигун берцинлъи цIунизе, цеветIурав инсан вахъиналъе кумек гьабула унго-унгояв мугIалимасул.

Нилъер лъималазул ва пачалихъалъул букIинеселъул жавабиял руго нилъ киналго. Лъайкьей цебетIезабиялде кIвар кьолеб буго Гумбет районалда. Камиллъизабула педагогазул махщел, лъайкьеялда хIалтIизарула гьанжезаманалъул технологиял, цIалул идарабазда гIуцIула санагIатал шартIал.

МугIалимасул къадру цIикIкIинабизе, гьесул гIумруялъе ва хIалтIуе мустахIикъал шартIал гIуцIизе хадубккунги хIаракат бахъизе буго.

Гьарула нужее район, Дагъистан ва Россия церетIезариялъе гьабулеб хIалтIулъ бергьенлъаби!

Биччанте букIине кидаго роцIцIараб зоб, лъималазул гьимиялъ ва берцинлъиялъ кверщел гьабизе ракьалда тIад. Нужер щивасе тавпикъ кьеги мугIалимасул къадруяб цIар борхатго цIунизе.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## Хириял ветераналъ, нижер хараби!

**РакI-ракIалъ баркула нужеда халкъазда гьоркьосеб харабазул къо!**

Нуж руго нилъер пачалихъ, нилъер ракь, нилъ фашизмаялъул лагълъиялдаса хвасар гьарурал, нилъеда сверухъ бугебщинаб квераз гIуцIарал, гьеб кинабго цIунарал, ракIбацIцIадал, даимаб реццалъе ва адабалъе мустахIикъал гIадамал.

Нужеца цIунана магIарул намусги, яхIги, цIунана умумузул гIадатал ва ирсалъе кьуна гIун бачIунеб гIелалъухъе. Нуж мустахIикъал руго тIадегIанаб адабалъе ва хIурматалъе.

Гьарула нужее чорхое сахлъи, халатал соназул ракълилаб, парахатаб гIумру. ХутIайги рохараллъун ва чIухIараллъун хъизан-лъималазда ва лъималазулги лъималаздаса.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

## Россиялъул МЧСалъул гражданскияб оборонаялъул къо

**ХIурматиял гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул ва гражданскияб оборонаялъул хIалтIухъаби! Баркула нужеда махщалилаб байрам.**

Россиялъул Федерациялда 4 октябралда кIодо гьабула гражданскияб оборонаялъул къо. Пачалихъалъул кIвар бугеб хIалтIи тIубазабула гражданскияб оборонаялъ – ВатIан цIунулел бакIал рай ва улкаялъе хIинкъи гьечIолъи букIинаби. Гражданскияб оборонаялъул подразделенияз гIахьаллъи гьабула хвасар гьариялъулал операцияздa.

Гьарула гражданскияб оборонаялъул хIалтIухъабазе сахлъи, рохел, цIунун тайги киналго къварилъи-балагьалдаса, талихI къосарал ишаздаса.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Хасалиде: цIул, тIурччи...

### Бакълъулазул мухъалъул Депутатазул собраниялъул иргадулаб сессия тIобитIана

**24 сентябралда Бакълъулазул районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул депутатазул Собраниялъул XVI сессия.**

Сессиялда гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадов, районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, депутатал, росабазул поселениязул бутIрул, школазул нухмалъулел ва цогидалги. Сессия рагьана ва бачана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадовас.



Депутатазул Собраниялъул сессиялда гьоркьор лъуна: лъайкьеялъул учреждениял хасалоялде хIадурлъиялъул, районалъул гIадамазе гьоркьоса къотIичIого ток чIезабиялъе гьаризесел тадбиразул, «Гумбет район» муниципалияб районалъул 2019 соналъе ва плановияб 2020-2021 соназе бюджеталда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъул ва цогидал-ги суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан доклад гьабуна районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас. КIиабилеб суалалда хурхун кIалъана Гумбет районалда бугеб электромухъазул гIуцIиялъул бетIерав инженер Камалдин ГIалиев. «Гумбет район» муниципалияб районалъул 2019 соналъе ва плановияб 2020-2021 соназе бюджеталда гьарулел ругел хиса-басиязул бицана районалъул администрациялъул финансовияб управлениялъул нухмалъулев РурухIма Халидовас. Сессиялда гьединго кIалъазе вахъана информационниял технологиязул бетIерав специалист Шамил Салатгереев ва цогидалги.

Ахиралда гьоркьор лъурал суалазда хурхун хIукмаби къабул гьаруна.

**Хадижат Мазгарова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Глава Гумбетовского района поздравил капитана сборной команды России по вольной борьбе Абдулрашида Садулаева с победой на чемпионате мира

-2 стр.



ГIандуникI-нуцалас васигаталда тана аваралъ хъван ирсалъе хитIаб

-2 гьум.



5934 хъулухъ тIубазабуна

3 гьум.



Китаялда босараб бергьенлъи Гъоркь Инхо кIодо гьабуна

3 гьум.

БЕТIЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

# ГIандуникI-нуцалас васигаталда тана аваралъ хъван ирсалъе хитIаб

## МацIги, цIарги, адабиятги гьечIони, миллат букIунаро

**Дагъистанияз, магIарулаз, кинал захIмалъаби дандчIвалел ругониги, тарихалда жаниб нилъее хасиятаб бихьинчилъи, бахIарчилъи, къо хIехьей рихьизарулел руго. Араб анкьалъул ва ахирал моцIазул лъугьабахъиназул хIисаб гьабуни, халлъула, кигIанго Дагъистаналъул бергьенлъаби рихарал цо-цо руккелал ругониги, къурабалъ пихъ кьолел гъутIбуца гIадин, нилъер гIадамаз цебехьанлъи ва гьунарал загьир гьарулел рукIин. «Лъураб бугьтан рихун, хвезе вахъунге, пихъ гьечIеб гъотIода тIил речIчIуларин», – абун хъвана Инхоса ГIали-хIажияс. 2019 соналъул сентябралда киналго гьалбал рази гьураб халкъазда гьоркьосеб литературияб байрам тIобитIана Дагъистаналда – ХъахIал къункърабазул къоял. Спорталъул рахьалъги рохалилал харбал рачIана – ЧIарадаса гIолилав, машгьурав гугарухъан ГIабдулрашид СагIадулаев ва гьес нухмалъи гьабулеб улкаялъул тIаса бищараб команда бергьана дунялалъул эркенаб гугариялъул чемпионаталда. Гьес жиндирго бергьенлъи Шамил имамасе сайгъат гьабуна. Гьединго Пекиналда квер жубараб рагъул рахьалъ чемпионлъун вахьана Гьоркь Инхоса спортсмен АхIмаднаби МухIамадов, боксалъул рахьалъ дунялалъул цIияв чемпионги загьирлъана – ЛъаратIа мухъалдаса Муслим ХIажимухIамадов.**

хъван ирсалъе хитIаб» абураб асарги. Гьенир руго гьадинал мухъал:

ГIандуникI-нуцалас васигаталда

Тана аваралъ хъван ирсалъе хитIаб.

Гьеб нильер халкъалъе хасаб дарс буго,

Гьеб нильер мацIалъул даража буго.

Долдаса щугогIан гIасру сверана,

Доб васигаталъул магIна хисичIо:

– Халкъ цIуне, мацI цIуне, гIорхъаби цIуне!

Хъудула, гIор гIадин, миллияб гьаракь.

«ХъахIал къункърабазул къоял» фестивалалда ва «Тарки-Тау» тадбиралда кIудияб хIаракат бихьизабуна Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъ. Литературияв тадбиразе нухмалъи гьабуна Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул цевехъан, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовас. Россиялъул халкъазул гьанжесеб адабияталъул антологияв рахъарав редактор, шагIир ва таржамачи Максим Амелинилгунги ккана гара-чIвариял. Дагъистаналдехун хасаб, хинаб бербалагьи буго нилъехъе рачIунел гьалбадерил.

## МагIарул мацIалъул бацIцIадаб чили

Сентябралда МахIачхъалаялда тIобитIана «Тарки-Тау-2019» абураб Дагъистаналъул тIахьазул базарги. Россиялъул халкъазул миллияв литературабазул рахъколлеб программаялъул гIуцIарухъабиги гIахьаллъана гьенир. Гьеб программаялда рекъон, Россиялъул халкъазул поэзиялъул, прозаялъул ва лъималазе хъварал асаразул лъабго антология къватIибе биччана Москваялда. Россиялъул халкъазул прозаялъул антологиялда буго нильер, Бакълъулазул ракьалъул, вакиласул асарги – гьал мухъазул авторасул «ХIаригабурлъухъ» абураб къиса. Гьел антологиязул цоги тIокIлъи ккола щибаб асар хъвараб миллияб мацIалда ва гIурус мацIалде таржама гьабун бахъун букIинги. Гьел тIахьазул презентация тIобитIана араб анкьалда Расул ХIамзатовасул цIар кьураб Дагъистаналъул миллияб библиотекаялъуб.

«Тарки-Тау» абураб тIахьазул базаралда чанцIулго цеве вахъине ккана. Гьениб цIалана «ГIандуникI-нуцалас васигаталда тана аваралъ

## Районазул юбилеял ва миллияб сиясат

Исана гIемерал районаз 90 сон тIубаялъул юбилеялги тIобитIулел руго Дагъистаналда. Хунзахъ, Болъихъ, ЦIумада, Шамил, ЦIияблак ва цоги районаз жидерго юбилеязде тадбирал гьаруна. Бакълъулазул вакилзабазги гIахьаллъи гьабуна гьел дандеруссиназда. Цоги нухалъ баркула гьел районазул гIадамазда юбилеял ва гьарула лъикIабщинаб!

ГIага-шагарго гьадинал руго ахираб заманалда ккарал лъугьа-бахъинал, хIурматиял «Гумбет» басмаялъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул цIалдолел. Республикаялда батIи-батIиял программаби рильlъанхъизарулел руго, амма миллиял мацIазде кьолеб кIвар дагь гьабулеб буго. Рахьдал мацI лъангутIи гьунарлъун, бахIарчилъилъун, чIухIилъун бихьизабизе хIаракат бахъулеб буго. Амма гьеб ккола кIудияб гьалатI. Нилъецаго тIалаб гьабизе ккола нилъерго халкъалъулги, мацIалъулги, цIаралъулги. Авар мацIалда ругел газеталгун журналалги хъвазе ккола, нилъер мацIалда цIализе ва пикру гьабизе цIиял гIелаздаги мальизе ккола. Физкультураялда цадахъ, гьелдасаги цебе чара гьечIого хIажалъула культура, лъайкьей, маданият. Аллагьас нилъее тавпикъ кьеги умумузул ирс ккезе, гьезул васигатал тIуразе ва нилъерго миллат цIунизе. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

ТРИУМФ РОССИЙСКОГО «ТАНКА»

# Глава Гумбетовского района поздравил капитана сборной команды России по вольной борьбе Абдулрашида Садулаева с победой на чемпионате мира

**Глава Гумбетовского района, олимпийский чемпион Хаджимурад Магомедов поздравил капитана сборной команды России по вольной борьбе Абдулрашида Садулаева с победой на чемпионате мира 2019 года.**

«Уважаемый Абдулрашид Булачевич! Сердечно поздравляю Вас и возглавляемую Вами мужскую сборную команду России по вольной борьбе с успешным выступлением на чемпионате мира, прошедшем в столице Казахстана, в Нур-Султане!

В эти дни все любители спорта, почитатели и поклонники вольной борьбы со всего мира следили за схватками, происходившими на коврах Нур-Султана. Каждая страна болела за своих спортсменов. Благодаря напряженным тренировкам, неиссякаемой воле к победе, целеустремленности, слаженной работе членов сборной, тренеров и всех причастных к подготовке вольников представителей государственных структур наша команда снова победила в общекомандном медальном зачете. Президент Российской Федерации Владимир Владимирович Путин уделяет огромное внимание вопросам обеспечения здоровья граждан страны, созданы и создаются оптимальные условия для занятия физической культурой




и профессиональным спортом. Радует тот факт, что борцы сборной страны оправдали оказанное им страной доверие и на чемпионате мира неоднократно звучал гимн нашей Родины.

Ваш авторитет и как спортсмена, и как капитана команды, и как человека высоких нравственных качеств сыграл большую роль в успешном выступлении сборной страны на чемпионате мира. Вы стали четырехкратным чемпионом мира и завоевали путевку на Олимпийские игры, которые состоятся в 2020 году в Токио. Свою победу Вы посвятили великому предводителю горцев Кавказа, шейху Шамилю и в очередной раз продемонстрировали всему миру настоящий патриотизм.

От всей души желаю Вам покорения новых спортивных вершин, претворения в жизнь всех начинаний и свершений, крепкого здоровья, всего самого наилучшего!» - говорится в поздравительном адресе Хаджимурада Магомедова.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# ТIабигIияб газ бачин гIадамаз гIарзаби хъваялда бараб буго

## Газ бачиналъул, хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде хIадурлъиялъул суалал гьоркьор лъуна Бакълъулазул районалда

**23 сентябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIараб дандельиялда хал гьабуна газ бачиналъул, федералияв ва республикаялъулал программаби гIумрулде рахъинариялъул, хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде хIадурлъиялъул ва цогидал ги кIвар бугел суалазул.**



ДандельиялдагIахьаллъана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел ва цогидалги.

Дандельи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Районалъул лъайкьеялъул, физический культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас бицана «Точка роста» федералияб программаялда рекъон хIадурарал школазул кабинетазда лъезе тIагIелкъайи 24 сентябралде бачIине ва рекъезаризе кколин. ТIадеги жубана медкабинетазул лицензия гьаби рагIалде бахъунеб бугин. Отделалъул хIалтIухъабаз школазул директорзабазул тарбия кьеялъул рахьалъ заместителал гIахьаллъараб дандельи тIобитIана. «150 школа» программаялда рекъон школазда гьарулел ремонталъулал хIалтIаби гьоркьоса кьотIичIого унел руго. ХIалтIи гьабулез рагIи кьун буго гьел хIалтIаби къокъаб болжалалда лъугIизаризе.

Районалъул ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас баян кьуна хасалил хъутабазде гIи гочине байбихьиялъул ва гьабулеб бугеб профилактикияб хIалтIул. ХIажатал киналго дараби руго,-янги абуна гьес. Районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас бицана ЦIияб Аргъвани росулъ Дагъистаналъул машгьурал гIалимзаби гIахьаллъун «Вечер нравственности» абураб тадбир тIобитIанин. Гьоркь Инхо росулъ тIобитIана чемпион АхIмаднаби МухIамадовасулгун дандчIвай. Планалде босун буго «Каспий-2019» халкъазда гьоркьосеб гIолилазул форумалда гIахьаллъи гьабизе.

Районалъул централияб больницаялъул бетIерав врачасул ишал тIуразарулев ГIабдулхIамид ГIалисултановас абуна гьабсагIат больницаялда сах гьавулев вугин 53 унтарав. Дагьал цергIен щванин хIажатал дараби, планалде босун буго цифровияб флюорограф лъезе. Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас абуна хасалил заманалда больницаялда лъел рахъалъ гIунгутIи букIинаредухъ лъел мухъазул хал гьабеян.

Газпром ОАОялъул «Газинжиниринг МахIачхъала» идараялда Гумбет районалде газ бачине витIарав мастер МухIамад ГIабдулкъадировас абуна МельелтIа росулъ рукъзабахъе газ бачиналъе хIалтIаби гьарулел ругин.

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# 5934 хъулухъ тIубазабуна

### МФЦялъул Бакълъулазул районалда бугеб гIуцIиялъул бетIер ГIумар МухIамадовасулгун гара-чIвари

**Дагъистан Республикаялъул гIемерфункциялъулаб централъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовсулгун «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъул гьадинаб гара-чIвари ккана.**

**-ГIумар, бокьилаан гьаб соналъул микьго моцIалда жаниб нужеца тIурарал хъулухъазул бицине?**

- 2019 соналъул микьго моцIалда жаниб Бакълъулазул районалда бугеб гIемерфункциялъулаб «Дир документал» централъ гIадамазул хъулухъ тIубазе къабул гьабун буго 6329 гIарза, гьелдасан тIубан буго 5934 хъулухъ. ТIурарал хъулухъазул рехсани: къун буго гIадамазе 786 справка, 37 чиясе къун буго субсидия-рукъалъухъ ва коммуналиял хъулухъазухъ мухь кьезе, 445 чиясул «Портал госуслуга» сайталда хъвай-хъвагIай гьабун буго, лъималазул батIи-батIиял пособиял чIезарун руго 278 чиясе, къун буго 125 страховияб полис, цIияб паспорт босиялъул, хисиялъул, хъвай-хъвагIай гьабиялъул хъулухъал тIуран руго 579 чиясул, лагералде лъимал ритIизе къун буго 80 путевка. Гьединго къун буго 21 чанахъанлъиялъул билет, 56 ракьалъул участкаялъе хIадурун буго межевияб план, 29 минаялъе техническияб план, ОПФРалъул тIубан буго 653 хъулухъ.



Микьго моцIалда жаниб кадастралъулаб учеталда лъун буго 89 ракьул участка, 91 мина. 95 ракьалъулги, 88 минаялъулги хъвай-хъвагIай гьабун буго гIадамазда тIад букIиналъул. ТIубан буго налоговияб инспекциялда хурхараб 113 хъулухъ. Къо бахъанагIан цIикIкIунел руго нижер централъ районалъул гIадамазе бигьалъаби гIуцIиялъе гIоло тIуралел хъулухъал.

**-ГIадамазе бигьалъиялъе тIаде бачIараб хъулухъ бугищ?**

-«Дир документал» централъ гьарулел хъулухъал цIикIкIунел руго. Гьездасан ккола тIад ругел налогал, судебниял приставаз тIад гьарурал делаби ругищан лъазаби за цогидалги.

Операционнияб залалда хIалтIула буго сбербанкалъул «постерминал», тIад гIарац бугеб банкалъул карточкаялдасан хIажатал бакIазде гIарац рехизе рес бугеб. Гьединго рес буго буголъиялъул налог тIаса бахъизе документал кьезе (гьеб ккола мина бичун босараб гIарацалъул цо бутIа нахъ бусинаби).

Руго батIи-батIиял росдал магIишаталда хурхарал гьитIинал ва гьоркьохъел предпринимателазе кумек гьабулел программабиги.

Исана хIалтIизе байбихьана тIоцебесеб группаялъул инвалидал, яги лъимал инвалидал ругел хъизабазе рукIа-рахьин лъикIлъиялъе гIарац кьолеб программа. Гьелда рекъон документал росулаан тIоцебесеб сентябралде щвезегIан. КватIичIого нижеца гьанисан паспортал, водительлъиялъул удостовереният кьолеб къагIида гIуцIулеб буго.

ГIемерисел, нижер централдасан хъулухъал тIурарал гIадамазда лъана цебе букIаралдаги гьанже бугелдаги бугеб батIалъи. «Дир документал» централда иргаялда чIезе кколаро, (кканиги чIезе ккараб заман 6 минуталде бахуна). КигIан лъикIаб къагIидаялъ хъулухъ тIубаниги, гIадамазул рекIелъ хутIула иргаялда чIараб заман. Гьединлъидал хIаракат бахъула хехго гIадамал къабул гьаризе.

Нижер коллективалъ ассалияб кIвар буссинабун буго гIадамазе гьабулеб хъулухъ къокъаб болжалалда, тIадегIанаб даражаялда тIубазабиялде. Нижер мурад буго нижехъе рачIарал разилъун, кваригIел тIубан нахъ руссин.

**Гара-чIвари гьабуна**
**ГIайшат Исламбиевалъ**

# ТIабигIияб газ бачин гIадамаз гIарзаби хъваялда бараб буго

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**
**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)**

Амма районалъул централде газ бачиналъе квал-квал гьабулеб буго росдал гIадамаз абонентазул списокалде гьорлъе рачине гIарза кьолеб гьечIолъиялъ. ХIажат буго росдал гIадамазул 80 проценталь гIарза кьезе.

Районалъул архитектураялъул ва бакIал раялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас бицана ЦIияб Аргъвани росулъ школа балеб бугеб бакIалда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъи гьабунин ва гьениб гьоркьор лъунин школа баялъул рахъалъ ругел гIунгутIаби ва захIмалъаби.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна ва отделазул ва учреждениязул нухмалъулезе рекъон ккелел тIадкъаял къуна.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас цIикIкIараб кIвар кьолеб буго муниципалитеталъул территориялда федералиял ва республикаялъулал программаби

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# Китаялда босараб бергьенлъи Гъоркь Инхо кIодо гьабуна

### Бакълъулазул районалъул Гъоркь Инхо росулъ тIобитIана чемпион АхIмаднаби МухIамадовасулгун дандчIвай

**Бакълъулазул районалъул Гъоркь Инхо росулъ тIобитIана WLF промоушеналъул дунялалъул чемпион АхIмаднаби МухIамадовасулгун рохалилаб дандчIвай.**

Ракьцоясул бергьенлъиялъул хIурматалда гIуцIараб мажлисалда кIалъазе рахъана районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадов, Гъоркь Инхо росдал поселениялъул бетIер МухIамад Ибрагьимов, ДРялъул муфтиялъул ГТОялъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев МухIамадгIариф МухIамадов, Гъоркь Инхо росдал имам ГIумархIажи ГIумархIажиев, ДРялъул муфтиялда цебе бугеб лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда вугев нухмалъулев ХIажи Иналов, чемпионасул тренер НурмухIамад Раджабов ва цогидалги. Тренеразе, мугIалимзабазе, насихIатчагIазе киналго, тIадегIанаб хасияталъул инсанлъун жив вахъинавизе кумек гьабуразе баркиялъулал рагIаби абун кIалъана чемпион АхIмаднаби МухIамадов. ЖамагIаталъул рахъалдасан кIалъазе вахъана ЮнусхIажи ХIамзатов.

Болъихъ районалъул гIолилазул ДРООялъул нухмалъулев Шамсудин ХIусеновас ва гьесул кумекчи Шамил Раджабовас чемпионасда баркана ва лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

Пекиналда тIобитIараб WLF промоушеналъул турниралда районалъул Гъоркь Инхо росулъа, рагъулаб самбоялъул рахъалъ спорталъул мастер, Бразилиялъул джиу-джитсуялъул рахъалъ дунялалъул кубокалъул чемпион, Universal Fightezs клубалъул вакил, ММАялъул къей гьечIев рахъухъан, АхIмаднаби МухIамадовас бергьенлъи босана жиндирго дандияв Сайлан Джексисда тIад ва босана рачел.



къуна гьесие сайгъатал. Тадбиралда гьединго баркиялъулал рагIабигун кIалъазе вахъана чемпионасул эмен ГIабдула МухIамадов.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан АхIмаднаби МухIамадовасда баркана районалъул администрациялъул

**«Гумбет РИО»**

ОСНОВЫ БЕЗОПАСНОСТИ

# В Гумбетовском районе прошел семинар - совещание по вопросам ГО и ЧС

**Накануне в актовом зале администрации МР «Гумбетовский район» провели семинар-совещание с целью привития слушателям знаний по организации и выполнению мероприятий гражданской обороны, ликвидации и предупреждению ЧС, обеспечению пожарной**



**безопасности, а также для использования данных знаний в интересах защиты от опасностей при чрезвычайных ситуациях природного и техногенного характера.**

Совещание было организовано сотрудниками ГКОУ РД «Учебно-методический центр по гражданской обороне и чрезвычайным ситуациям» и отделом ГО и ЧС. В мероприятии приняли участие преподаватели ОБЖ 1–4-х классов, воспитатели и методисты дошкольных образовательных учреждений и др.

В ходе семинара-совещания обсудили вопросы подготовки персонала организаций в области ГО и защиты от ЧС природного и техногенного характера, правила и порядок оказания помощи себе и пострадавшим в ЧС, а также способы применения средств пожаротушения и др. Открыл мероприятие главный специалист по делам ГО и ЧС МР «Гумбетовский район» Мурадбег Гаджимурадов.

**(Продолжение-на 4 стр.)**

РОДИНА-МАТЬ ЗОВЕТ

# Военные образовательные учреждения ждут вас!

**Проводится отбор кандидатов из числа граждан, прошедших и не проходивших военную службу, для комплектования первых курсов военных образовательных организаций высшего и среднего образования Министерства Обороны РФ и федеральных органов исполнительной власти РФ. Перечень прилагаю.**

**По вопросам поступления отбора, обращаться в военный комиссариат Казбековского и Гумбетовского районов, тел: (8-279)-2-13-02**

**(Продолжение - на 4 стр.)**

РОДИНА-МАТЬ ЗОВЕТ

**(Начало-на 3 стр.)**

| № | **Наименование военно - учебных заведений** | **Место дислокации** | **Наряд** |
|---|---|---|---|
| 1 | Московское высшее общевойсковое командное училище | ЗВО | 1 |
| 2 | Казанское высшее танковое командное училище | ЦВО | |
| 3 | Новосибирское высшее военное командное училище | ВВО | |
| 4 | Дальневосточное высшее общевойсковое командное училище (г. Благовещенск | ВВО | |
| 5 | Рязанское высшее воздушно-десантное командное училище (военный институт) | ЗВО | |
| 6 | Тюменское высшее военно-инженерное командное училище (военный институт) | ЦВО | |
| 7 | Михайловская военная артиллерийская академия (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | 2 |
| 8 | Военная академия войсковой противовоздушной обороны ВС РФ (г. Смоленск) | ЗВО | |
| 9 | Военная академия войск РХБЗ (г. Кострама) | ЗВО | |
| 10 | Военно- учебный научный центр Военно-воздушных сил «Военно-воздушная академия» (г. Воронеж) | ЗВО | 3 |
| 11 | Военно- учебный научный центр Военно-воздушных сил «Военно-воздушная академия» (филиал г. Сызрань) | ЦВО | 1 |
| 12 | Военно- учебный научный центр Военно-воздушных сил «Военно-воздушная академия» (филиал г.Челябинск) | ЦВО | |
| 13 | Краснодарское высшее военное авиационное училище летчиков | ЮВО | |
| 14 | Военно-космическая академия (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | 1 |
| 15 | Военная академия воздушно –космической обороны (г. Тверь) | ЗВО | |
| 16 | Ярославское высшее военное училище противовоздушной обороны | ЗВО | 1 |
| 17 | ВУНЦ ВМФ «Военно-морская академия» (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | |
| 18 | ВУНЦ ВМФ «Военно-морская академия» (г. Санкт-Петербург) военный институт (военно-морской- политехнический) | ЗВО | 1 |
| 19 | ВУНЦ ВМФ «Военно-морская академия» (филиал г. Калининград) | ЗВО | |
| 20 | Тихоакеанское высшее военно-морское училище (г. Владивосток | ВВО | |
| 21 | Черноморское высшее военно-морское училище (г. Севастополь) | ЮВО | 1 |
| 22 | Военная академия РВСН (г. Балашиха, Московская область) | ЗВО | |
| 23 | Военная академия РВСН (г. Серпухов) | ЗВО | 2 |
| 24 | Военная академия связи (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | |
| 25 | Краснодарское высшее военное училище | ЗВО | |
| 26 | Череповецкое высшее военно-инженерное училище радиоэлектроники (г. Череповец, Вологодская область) | ЗВО | |
| 27 | Военный университет (г. Москва) | ЗВО | 2 |
| 28 | Военная академия материально-технического обеспечения (г. Санкт –Петербург) | ЗВО | |
| 29 | Военная академия материально-технического обеспечения военный институт (железнодорожных войск и военных сообщений) (г. Санкт –Петербург) | ЗВО | |
| 30 | Военная академия материально-технического обеспечения (г. Санкт –Петербург) военный институт (инжинерно-технический) | ЗВО | |
| 31 | Военная академия материально-технического обеспечения (филиал г. Вольск) | ЦВО | 4 |
| 32 | Военная академия материально-технического обеспечения (филиал г. Пенза) | ЦВО | |
| 33 | Военная академия материально-технического обеспечения (филиал г. Омск) | ЦВО | |
| 34 | Военная медицинская академия (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | |
| 35 | Военный институт физической культуры (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | |
| 36 | С-Петербургский военный институт ФСВНГ РФ (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | |
| 37 | Саратовский военный институт ФСВНГ РФ (г. Саратов) | ЦВО | 3 |
| 38 | Пермский военный институт ФСВНГ РФ (г. Пермь) | ЦВО | |
| 39 | Новосибирский военный институт ФСВНГ РФ (г. Новосибирск) | ЦВО | |
| 40 | Академия гражданской защиты МЧС России (г. Москва) | ЗВО | |
| | ИТОГО | | 22 |

# В Гумбетовском районе прошел семинар-совещание по вопросам ГО и ЧС

**(Начало-на 3 стр.)**

Про подготовку и действия при чрезвычайных ситуациях, а именно при землетрясении, рассказал старший преподаватель ГКОУ РД «Учебно-методический центр по ГО и ЧС» Шайхул-Ислам Муртазалиев. Участникам мероприятия показали видеофильмы по темам.

Старший преподаватель ГКОУ РД «Учебно-методический центр по ГО и ЧС» Агабала Юсупов рассказал про первичные средства пожаротушения и про порядок их применения. Далее продемонстрировали видеофильм «Пожар в школе».

ОБЪЯВЛЕНИЯ

## Информация для органов местного самоуправления и субъектов малого и среднего предпринимательства района

Доводим до Вашего сведения, что на основании Постановления Правительства РД от 09.09.2019г. №217 «Об утверждении Положения о Комиссии по конкурсному отбору инвестиционных проектов и порядков предоставления субсидий для реализации мероприятий государственной программы Республики Дагестан «Социально-экономическое развитие горных территорий Республики Дагестан» через Многофункциональные центры предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан с 1 октября по 1 ноября 2019 года будет осуществляться прием документов, необходимых для предоставления следующих видов субсидий:

- субсидии на строительство малогабаритных теплиц в горных территориях Республики Дагестан;
- субсидии на строительство логистических (оптово-распределительных) центров хранения, предпродажной подготовки и реализации продукции в горных территориях Республики Дагестан;
- субсидии на приобретение технологического оборудования для создания гибких современных мини-перерабатывающих производств в горных территориях Республики Дагестан;
- субсидии на создание предприятий по производству промышленной продукции, в том числе строительных материалов;

Субсидии будут предоставляться Министерством экономики и территориального развития Республики Дагестан.

Подробную информацию можно получить обратившись в филиал МФЦ с. Мехельта или по телефону – 8 938 777 82 92

**Филиал МФЦ по Гумбетовскому району**

# Памятка владельцу гражданского оружия

В последнее время в сети «Интернет» появляются различные видеоролики со стрельбой молодых людей из оружия, особенно во время передвижения в составе свадебных картежей либо перед банкетными залами. Также на территории республики участились случаи применения зарегистрированного гражданского оружия в связи с выяснением различного рода споров и конфликтных ситуаций возникающих между гражданами, которые в дальнейшем перерастают в стрельбу.

Сообщаем, что в случаи неправомерного применения зарегистрированного гражданского оружия, виновные лица будут привлечены к уголовной ответственности согласно действующего законодательства Российской Федерации.

**Центр лицензионно-разрешительной работы Управления Росгвардии по Республике Дагестан**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтlа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.